ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№88 (20.996) ● 2007 гъэм накъыгъэм (майм) и 4, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghepsale.ru
adyghe@mail.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къэнокъуэ Арсен Къэрал Советым и президиумым и зэІущІэм хэтащ

Урысыем Федерацэм и Президент Путин В.В. 2007 гъэм накъыгъэм и 2-м Къэрал Советым и президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ. ЗэІущІэр щызэхэхьащ Мурманск кІалэм и кхъухь тедзапІэм къыщыуыІа «ТекІуэныгъэр илъэс 50 ирокъу» мылкъутэ атом кхъухьым. УФ-м и Къэрал Советым и президиумым зэрыхэтым хьыкъэІыу, тенджыз транспортым и инфраструктурэм зегъэужьыным пыщІа Іуэхуэм щыхэплъа а зэІущІэм ирихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъарым и Президент **Къанокъуэ Арсен.**

УФ-м и Къэрал Советым и президиумыр къызэрагъэпэщащ, зи чэзу Іуэху нэхъыщхьэхэр зэпкърихын папщІэ. Апхуэдэу ар кІэлъоплъ Къэрал Советыр зэрылажьэну планыр, абы и унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъум, зи чэзу зэІущІэм зыщыгъпсэлъыхьыну Іуэхуэхэр кыхъех. Хабзэ хъуауэ, мазэм зэ нэхъыбэ мы нэхъ мащІэрэ ирагъэкІуэкІ зэІущІэхэм къыщаІэта Іуэхуэхэм япкъ иткІэ ягъэхьэзыр правительствэр зэгугъуэ хуей къалэн ящыкъыщхьэхэр. Президиумым хэтынухэр къыхех, илъэсныкъуэ къэскІи зэрехъуэкІ УФ-м и Президентым. Мы зэманым Къэрал Советым и президиумым хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентыр, Алтай крайм и администрацэм и Іэтащхьэр, Курск, Смоленск, Ленинград, Киров областхэм, Хабаровскэ крайм, Коряк автном округым я губернаторхэр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ и ІуэхущІапІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЗэгъэпэщкІуэ и судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэрэгъэпэщынымкІэ къулыкъым и унафэщІым и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЗэгъэпэщкІуэ и судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэрэгъэпэщынымкІэ къулыкъым и унафэщІым и Іуэхукі.

2. Мы Указым кърагъэуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м
№28-УП

Іэшэ Заур Борис и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, туризмэмкІэ, щыхубз хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІу хэхьыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Іэшэ Заур Борис и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, щыхубз хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІу хэхьын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ІэщыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1094-П-П

Гилиев Борис Ибрэхым и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкІэ, къэрал уахэныгъэмкІэ, щыпІэ самоуправленэм и ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэу хэхьын и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Гилиев Борис Ибрэхым и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкІэ, къэрал уахэныгъэмкІэ, щыпІэ самоуправленэм и ІуэхуэхэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэу хэхьын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1095-П-П

Инвестицэхэмкі советыр Іуэхугъуэпіалъэм хопльъэ

Щыщ щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэр къыщІэхьыным, уахэныгъэм къыщагъэсэбэп псауатыпхъэхэр къыщІэгъэкІыным, дизэкъаз комплексыр егъэфІэкІуэным, консерв заводрэ цемент заводрэ щІыным щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Президентым и деж щыІэ Инвестицэ советым и зи чэзу зэІущІэм.

Мусуков Алийрэ Урысбий Хьэмидбийрэ псалъэмакъым пащэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** зэІущІэр кьызэІуихри, япэкІэ кьащтауэ щыта проектхэр гъэзэщІэным зэрелэжьым зэІущІэм хэтэр щыгъуазэ ищІын папщІэ, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** псалъэ иритащ. Министрым зэрыжиІамкІэ, автомобиль мыинхэр щызэпкърахьэ Іуэхущ щІапІэ къызэІухыным теуХуауэ «Интралл рус» компанием кьыхихьэа проектыр фІэгъэщІегъуэну кьыщтауэ щытащ а Іуэхум инвестицэхэр хэзыльхьэну зи мурада. «Внешторгбанкым» и кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм. Ауэ бизнес-планыр Іьэныкьуэ псомкІи зэпкрихуэ абы кьыпыкІынкІэ хьуну фейдэр кьнбжа нэужь, щІегъуэжащ. Нобэм ирихьэлІэу бизнес-планым йолъэжьыж, нэгъуэщІ бгъэдыхьэкІэ кьыхуагъуэтын папщІэ. Кхъуэ 2500-рэ щагъэхъуну комплексыр щыным теухуа проектыр «Прохладнэ» мэкъумэщ Іуэхущ щапІэм щагъэзэщІэнуц. Мы зэманым уухакІуэхэр гъэжьыгъэм ешІэ. Советым и япэ зэІущІэм щыхэпльауэ щытащ чырбыш кьыщІэтъэкІыным теуХуа проектым. Ящ ар хьэзыр ящІри лажьэр ящІтыпщащ. Нэхъ зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ унащхьэм трапльхэ кхъэщыпрэ сувенирэмрэ кьыщІэгъэкІыным теуХуауэ «Керамикэ» ООО-м кьыхихьэну мы гъэм и мазаем советыр зыхэпльауэ щыта проектым. Ар нэхъ кууэ иджыну икІи проектыр пхьигъэкІыныжкІэ щІэгъэкъуэн хъуну и пщэ ирагъэхьауэ щытащ КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэкІэ и сенатэм зыхэлъ къызэрилъытамкІэ, мы Іуэхум арэзы укьимыщІу зы хэпльэ - продукцэр тыншу пхьыкІынукъым. Абы теуХуауэ Къанокъуэ Арсен жиІащ заводым кьыщІигъэкІыну продукцэм щыщ Іыхьэ мынэхьуну республикэр зэрыхьэзыр. Псалъэм папщІэ, унафэ зэращІам хуэдэу, Налшык и уэрам нэхъыщхьэхэм тет унэхэм я унащхьэхэр щызэрагъэпэщыжкІэ узынщагъэм и пльэныкьуэкІэ нэхъыфІ дыдэу щыт кхъэщыныр трапльхэ зэхуну.

- Си щхьэкІэ сэ си унэми кхъэщын тесльхьэнт! Дуней псом иджыпсту аращ къагъэсэбэпыр, ауэ дэ кьэнжалым дыхуэхІуащи, ар зыкІи мынэхьуну пэтми, унащхьэм тыдольхьэ. ЯтІэм кьэхащыкІ хьэпшып дахэхэри ди хьэщІэхэм тыгъэ яхуэтщІ хъунут. Апхуэдэ тыгъэхэр зыхуэтщІынуэрэ мымащІэу республикэм кьэкІуэнущ Урысей къэралыгъуэм дызэрыкьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуэр щыдгъэпапІэкІэ.

- Урысей псом кхъэщын щагъакъ завод зэрыщымыІэр фигу кьэзгъэкІыжыну сыхуейт, - мы проектым мыхьэнэшхуэ зэрИэр кьыхихьэну, щхьэкІэ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскьыкІэ пхъэмкІэ и министр **Ерчэн Темболэт**.

КъБР-м и Президентым зыхунгъэщащ КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэм и унафэщІ **Аброкъуэ Тимур:**

- Апхуэдэу щтэІэщтабзэ Іуэхум убгъэдыхьэнумэ, зы проектри пхуэгъэзэщІэнуекым. Кьыавта бизнес-планым нэхъ кууэ фыхэпльэж, компанием и зэфІэкІхэр зэтрипльэрэфыну щытмэ, дэфІыгъ.

«Лава» фирмэм, елэжьыкри, зэІущІэм кьыщыхихьэкащ туф кьыщІэхьэм, бетон псынщІэ, блынхэм трапльхэ блокхэр щагъэжьКІэ кьэзгъэпэн хъуну мывэкІэщхь псынщІэ кьыщІэзыгъэкІ предприятэм и Іуэхуэ егъэфІэкІуэным, ар иджыпей технологиемкІэ кьыщІэгъэпэщыным теуХуа бизнес-мурадыр. Каменкь кьуаежэм зыужьыжьэу щыІэ

Лъэпкъ щIэныгъэм и зэхэублакIуэ

● Шыгъажэ

Япэ лъэбакъуэ

**Дунейпсо тхыдэм кIыхэна цIыху щэджащэм ящыщ дзэтхэнэми псоми я зэхуэдэ хьэл-щэн хьэлэмэт яхэтыщи: абыхэм япэ ирагъэшыр я щIыхь Iуэхугъэкъым, атIэ цIыхубэм и екъуланыгъэ зыпытIа лэжьыгъэрат. Абыхэм я псэм щагъэфIа щэхуэхэр мурадхэмрэ зэпхар побрей махуэм и закъуэкъым - лэжьыгъуэжьрэ бэм къажэсэбзи а я цIыху щэджащэхэм я Iуданькъэжьхэр, гупсысэхэр, гуащIэр. Апхуэдэхэр щымытаIэмэ, гъащIэр адэкIэ мыкIуатэу и пIэм итынт. Зи гъащIэ псор лъэпкъым щхьэузыхь хуэзыщIахэм ящыщыт адыгэ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. Аращ щIэныгъэм и пыныр япэу адыгэ лъэпкъхэм папщIэ гъагъэ зыIутар. 1855 гъэм Бырсейм къыдигъэкIа и «Адыгэбзэ букварь» тхыльращ ди лъэпкъ тхыбзэм щIэзэпIэ хэхуэуар. АдыгэбзэмкIэ тха и япэ тхыгъэр дунейм кьыщыпсыхьа махуэр - гъатхэпэм и 14-р - Адыгэ тхыбзэм и махуэшхуэу ди лъэпкъэгъуэгъэ щыпсэу дзэнэ щIыпIи щагъэпытапIэ.

Бзэ щIэныгъэм дежьи тхагъэкъым мыхьэнэшхуэ зэриIэр мызэ-мытIэу жаIащ. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и Iэщагъэлъэпсэм. Бырсейм и лэжьыгъэхэр я гъэбжьэу нобн щIэныгъэлIхэм къэхутэныгъэ хьэлэмэтэхэр зэфIах, ди анэдэлъхубзэр ирагъэфIакIуэу, абы и щэхуэ



хуэхэмрэ Iэмал гъунапкъэншэхэмрэ наIуэ къащIу.

Адыгэ еджагъэшхуэр кьызэралъхуэр накъыгъэм и 4-м ильэс 200 ирокIу. Ар зэманышхуэщ, арщхьакIэ Бырсейр ящыщкъым зи цIэр лIэщIыгъуэхэм я сабэм щIигъанэжм. Зи Iуданькъэщхьэкъэ Бырсейр фагъуэ дзэхуэхэм. Абы и гъащIэри и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри адыгэ лъэпкъхэм уасэ зиI- мыIэ щIэнту, мыкIуэдыжьым хуэгъуэфIыгъуэу кьыгъэнащ.

ГъАщIэ хьэлэмэт икIи купщIафIэ къигъэщIащ Бырсейм. 1807 гъэм ар къыщалъхуащ Мейкъуапэ пэмыжыжьыгу щитIыскIа адыгэ къуэжьэхэм ящыщ зым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Умар и адэанэр къызэрыгъэкI мэкъумэпыщIэу щытащ.

Апхуэдэу щIыжьтIэм щхьэусыгъуэ хэха иIэщ: и ныбжьыр ильэси 8 иракъуа ныжь, ар пщыIУ ятауэ щытащ. А щытыкIэм ивэфныр зи щхьэ хущымытыж мэкъумэщыщIэ тхьэмыщкIэхэм я бынхэрат - нэхъ хуэкъулейуэ псэуэхэм я сабийхэм апхуэдэ лей къытрагъэхьэу щытакъым. Сытми, щIалэ цIыкIУр къэзыщэхуа тырку пэщэм Тыркум иришащ. Къыщэхуа «хьэпшыпI» лъапIэм и лъэныкъуэ псори набдзэгубдзаплъэу зыдж, абы кIэлъыплъ пэщэм гу лъымыгъэу къэнакъым щIалэ цIыкIУм бгъэдалъ гурыхуагъэм, акъыл жанагъым, жыджэрагъым. Арати, абы мурад ищIащ Умар щIэныгъэра ГъщIагъэрэ иритыну, иужькIэ езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэнщыжьфын хуэдэу. Абы Бырсейм къыхуищтащ щIэныгъэщхуэ зыбгъадалъ егъаджакIуэ цIэрыIуэхэр. Абыхэм щIалэр хурагъэджащ хьэрпыпбзэм, тырку бзэм, франджыбзэм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэ зэфIэкIхэр зиIэ хъуа, егъаджэныгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыщызыгъалъэгъуэ Бырсейр ильэс 18 хъуа нэхъ, Франджым ильэси 3-кIэ ягъэкIуащ, и щIэныгъэм абы щыпищэну. Абы и ужькIэ Умар Тыркум имыгъэзэжу, щалъхуа и щIыналъэмкIэ Iэщ зэрыщытар икIи щытхъу пылъу а IэнатIэр зэрыриихьакIар.

ЩIэныгъэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ хуэIэижьу гу зылъата Умар щIэныгъэра ГъщIагъэрэ иритыну, иужькIэ езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэнщыжьфын хуэдэу. Абы Бырсейм къыхуищтащ щIэныгъэщхуэ зыбгъадалъ егъаджакIуэ цIэрыIуэхэр. Абыхэм щIалэр хурагъэджащ хьэрпыпбзэм, тыркубзэм, франджыбзэм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэ зэфIэкIхэр зиIэ хъуа, егъаджэныгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыщызыгъалъэгъуэ Бырсейр ильэс 18 хъуа нэхъ, Франджым ильэси 3-кIэ ягъэкIуащ, и щIэныгъэм абы щыпищэну. Абы и ужькIэ Умар Тыркум имыгъэзэжу, щалъхуа и щIыналъэмкIэ Iэщ зэрыщытар икIи щытхъу пылъу а IэнатIэр зэрыриихьакIар.

ЩIэныгъэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ хуэIэижьу гу зылъата Умар 1849 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Ставрополь гимназием егъаджакIуэу ягъэуэн. Абы Бырсейм адыгэбзэмкIэ щрегъаджэ гимназием и гъэсэнхэр. Дэфтэрхэм къаззэрыхэщыжьымкIэ, «шэрджэсыбзэр абы щеджэ адыгэхэми урысхэми яригъэджыну Ставрополь дэт гимназием къарагъблэгъащ прапорщик Бырсей Умар». ЗэрыжаIэжьмкIэ, а лъэхъэнэм Бырсейм игъэхьэзырауэ Iэрытхыу иIыгът адыгэбзэм и альфбейр. Ар и пIэ иувэн папщIэ, иджыри лъэжьэшхуэ екъэлIэн хуейт икIи абы къыхэкIыу Бырсейр Тифлис ягъэкIуаэу щытащ, дэIэпыкъуэгъуэрэ чэнджэщагъуэрэ хуэныкъуэу. А лъэхъэнэм абы щылажьэрт кавказыбзэхэр кууэ зыдж урыс щIэныгъэлI гупшхуэх. Аха и дэIэпыкъуэгъуэу Бырсейр фIы дыдэу елэжьыащ и Iэрытхым. 1853 гъэм Тифлис къыщыдэкIащ Бырсейм и «Адыгэбзэ букварь» икIи ар хъуащ адыгэбзэкIэ хьэлащэ щытащ Бырсейм и IэдакъэщIэкIыр. Абы псалъэ гуапэ хуэдэ хуэмIащ, кавказзыбзэхэр зыджу щыта Услар Петр, адыгэ еджагъэшхуэ ХьэтIохъущокIуэ Къазий, нэгъуэщIхэми.

Ильэси 10-м щIигъукIэ егъаджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэ гимназие цIэрыIуэм щызэфIихащ Бырсейм. Зи лажьыгъэр фIыуэ зылъагъу Iэщ-гъэлIым езым зэчийуэ бгъэдэлъымкIэ ядэгуащIэрт и гъэсэнхэм, абыхэм бзэ щIэныгъэлI щыпкъэ-зэр кьахищIыкIыу. Адыгэ лъэпкъ щIэныгъэм Умар хуэгъэхъзыра еджагъэшхуэхэм ящыщ. ХьэтIохъущокIуэ Къазий-рэ КIашэ Адэлджэрийрэ. ИужькIэ ахэр хъуащ адыгэ бзэщIэныгъэмрэ литературэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зуэзыщIа тхакIуэ, публицист щIэрыIуэ.

Тхыдэм къызэриIуэтэжымкIэ, генерал-майор цIэр зэрихьэу дзэ хъулыкъуэм къыхэкIыжа нэужьи, Бырсейр елэжьащ адыгэ алыфбейр нэхъри егъэфIэкIуэным, ар уэхъэрфхэр и лъабжьэу зэхэлъхьаным. Зи лъэпкъым и ныгъэм, абы и дэтхэнэ щIыхьри щIэныгъэм ешащIэным.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

**Лъэпкъ тхыдэмрэ литературэмрэ елэжь щIэныгъэлIхэм ящыщ XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм адыгэ-урыс щэнхабзэхэм я зэпыщIэныгъэр нэхъри быдэ зэрыкъуэр, урыс усакIуэ, щIэныгъэлI инхэмрэ адыгэ гъэщIакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ яку кьыдэхъуа зэныбжьыгъуегъэм лъэпкъ литературэр зэфIэувэныр зэрыщIэпсыныщIар. Адыгэ лъэпкъым а лъэхъэнэм кьыхэкIа щIэныгъэлI гъуэгуанэ зэрыщIэпсыныщIар урыс щIэныгъэр, гъэ джакIуэ, дзэпыкъуэгъуэ у я лэжьыгъэхэм щIар урыс щэнхабзэ пашэрщ. ЛъэпкъитIым я щIыку пэрытхэм яку кьыхьуа гуапагъэр, лъагъуныгъэр ефIакIуэрт, нэхъ быдэ зэхуэ.

Хэт Пушкин Александр и усэхэр япэ дыдэ адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар?

А ЛЪЭХЪЭНЭМ урыс щэнхабзэм пыщIэныгъэ яхуэзIаехэм ящыщщ адыгэ еджагъэшхуэхэу Нэгумэ Шорэ, Къаз-Джэрий, Хьаи-Джэрий, Бырсей Умар, ХьэтIохъущокIуэ Къазий, Кlашэ Адэлдж эрий сымэ. Урыс литературэрэм и лэжьакIуэ пэрытхэм апхуэдэу гъунэгъуэу яхущыта адыгэ тхакIуэ щхьэхуэхэм папсэу гу льатащ я къэбзэныгъэ, хэм я тхыгъэхэм и зэдзэкIэным лъэпкьитIым я дежкIи мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэм. КъинэмыщIауэ, апхуэдэ лэжьыгъэр адыгэ щIэныгъэм и зыужьныгъэм и зы хэкIыпIэ хьэлэмэтэу зэрыщытащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщ куэд ди дежь къэсакъым, ауэ тхыдэм ихьума мащIэрэ щыхьэт т окъуэ урыс литературэрэм и тхыгъэ нэхъыфIкI куэд адыгэбзэкIэ дзэпсалъэ, ауэ фIыуэ зэрыщыщыгъуэхэм папсэу ящIэу щытагъэщр зэрыхьуам. Апхуэдэ Iуэхугъэм ирагъэкIуэ, Умар и адэанэр къызэрыгъэкI мэкъумэпыщIэу щытащ.

Апхуэдэу щIыжьтIэм щхьэусыгъуэ хэха иIэщ: и ныбжьыр ильэси 8 иракъуа ныжь, ар пщыIУ ятауэ щытащ. А щытыкIэм ивэфныр зи щхьэ хущымытыж мэкъумэщыщIэ тхьэмыщкIэхэм я бынхэрат - нэхъ хуэкъулейуэ псэуэхэм я сабийхэм апхуэдэ лей къытрагъэхьэу щытакъым. Сытми, щIалэ цIыкIУр къэзыщэхуа тырку пэщэм Тыркум иришащ. Къыщэхуа «хьэпшыпI» лъапIэм и лъэныкъуэ псори набдзэгубдзаплъэу зыдж, абы кIэлъыплъ пэщэм гу лъымыгъэу къэнакъым щIалэ цIыкIУм бгъэдалъ гурыхуагъэм, акъыл жанагъым, жыджэрагъым. Арати, абы мурад ищIащ Умар щIэныгъэра ГъщIагъэрэ иритыну, иужькIэ езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэнщыжьфын хуэдэу. Абы Бырсейм къыхуищтащ щIэныгъэщхуэ зыбгъадалъ егъаджакIуэ цIэрыIуэхэр. Абыхэм щIалэр хурагъэджащ хьэрпыпбзэм, тыркубзэм, франджыбзэм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэ зэфIэкIхэр зиIэ хъуа, егъаджэныгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыщызыгъалъэгъуэ Бырсейр ильэс 18 хъуа нэхъ, Франджым ильэси 3-кIэ ягъэкIуащ, и щIэныгъэм абы щыпищэну. Абы и ужькIэ Умар Тыркум имыгъэзэжу, щалъхуа и щIыналъэмкIэ Iэщ зэрыщытар икIи щытхъу пылъу а IэнатIэр зэрыриихьакIар.

ЩIэныгъэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ хуэIэижьу гу зылъата Умар щIэныгъэра ГъщIагъэрэ иритыну, иужькIэ езыр зэрыхуейуэ къигъэсэбэнщыжьфын хуэдэу. Абы Бырсейм къыхуищтащ щIэныгъэщхуэ зыбгъадалъ егъаджакIуэ цIэрыIуэхэр. Абыхэм щIалэр хурагъэджащ хьэрпыпбзэм, тыркубзэм, франджыбзэм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэ зэфIэкIхэр зиIэ хъуа, егъаджэныгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыщызыгъалъэгъуэ Бырсейр ильэс 18 хъуа нэхъ, Франджым ильэси 3-кIэ ягъэкIуащ, и щIэныгъэм абы щыпищэну. Абы и ужькIэ Умар Тыркум имыгъэзэжу, щалъхуа и щIыналъэмкIэ Iэщ зэрыщытар икIи щытхъу пылъу а IэнатIэр зэрыриихьакIар.

ЩIэныгъэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ хуэIэижьу гу зылъата Умар 1849 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Ставрополь гимназием триухуа и тхылым. А еджапIэм щIэс цIыкIуэхэм я щыпхьэщхьэ литературэр зэIущIэхэр зэрехьэгъэкIым тепсэлыхьхуэр, абы мыр итхыгащ: «Гимназием и пэщIэдзэ классхэм я еджакIуэхэр кьеджащ пьесэхэм (усэхэщ зи гугъу ищIыр - **Хь.А.**) урысыбзэкIэ, франджыбзэмкIэ, нэмыцыбзэкIэ, ермэлыбзэкIэ, шэрджэсыбзэкIэ икIи тэтэрыбзэкIэ». ФIэщ щIыгъуейщ а усэхэр пэщIдзэ классым щIэс ещыкIуэхэм зэхалъхьэжауэ. ЕджакIуэ нэхъыщхьэм ар зыхуэзэфIэкIыни зырыз ямэ, хуэфIыгъафащэ зэрыпьэунумкIэ, апхуэдэ пщыхьэщхьэхэм нэхъыбзэу кьызэджар я егъаджакIуэм и тхыгъэхэр. Апхуэдэ зэхуэсхэм еджакIуэ цIыкIуэхэр ахэр кьызэдджэну усэхэри гъхьэзырыныр Бырсейм и тхылъым. Апхуэдэхэр «Пушкиным» зыфIищащ усэр. псалъэжьхэр. КъыпIэ щIыхьэхуэхэр кьуэкIыпIэ Iэпкъхэм я IуэрыпIуэгъэ, литературэм кьыщигъуэтащ Бырсейм. Ар зэрыпсэжыр кьыбжьаI- абы- хэм я кунщIэхэм, Iэпсыкъэ-хэм, зэрахъэ цIэхэм. Апхуэдэ «Сондзэкэрыр» зэрыкъуэкIа- упсымрэ», «Хъэрыпрэ» дзэгуакIэмрэ», «ХъэрыпI» хьыбархэр.

Къэтхъа щапхъэхэм кьагъэльагъуэ Бырсей Умар щIэныгъэ, еджэныгъэ Iэщ-гъэлIым къыщIэкIа щIалэм егийуэ хуежьащ, екъэута мыхьуами. Аращ, щэч лъэпкъ хэмыльу, урыс усакIуэшхуэ Пушкин и усэхэр япэ дыдэ адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIари, адыгэхэр, зыубгъуща ар мыхьуами, япэ абы щэч щыгъаззэ яхуэзыщIар.

Умар абы и усэхэм я мыхьэнэр кьыгурыдгъуэ, Пушкин и усэхэр япэу адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIа- хэмрэ - я литературэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъри нэхъ быдзу зэпыщIэныр псэемыблэжу телэжьащ.

Адыгэ лъэпкъ тхыдэм, литературэм, щIэныгъэм Бырсей Умар хуищIа хэпкъэ-ныгъэ гуэзэджэр нэхъ кууэ зэпкърыхамэ, тхыгъэуэ дыдэ